



PEP (Pwofilaksi apre kontak)

Kisa ki PEP?

PEP (Pwofilaksi apre kontak) se pran remèd ki travay kont VIH apre yon moun fin pran kontak ak VIH yon jan ki ka bay enfeksyon. Si ou gen pran yon kontak serye ak VIH, pi bonè ou ka kòmanse ak PEP, li pi bon! Konsa, ou ta dwe kontakte doktè ou pi vit posib pou konnen si PEP ap bon pou ou.

Ki moun ki ta dwe pran PEP?

Nenpòt moun ki panse yo te pran kontak ak VIH pa twò lontan pandan you sèl okazyon ta dwe pran PEP. Moun ki travay nan bay swen lasante ki pran kontak ak san oubyen lòt likid kò you malad ki enfekte ak VIH ak moun ki te ka pran kontak ak VIH pandan you sèl okazyon ki pa gen anyen pou wè ak travay (tankou sèks san pwoteksyon, pataje sereng pou pran dwòg, oubyen viktim vyòl) pa lontan ta dwe panse pran PEP. Li pa you bon chwa pou moun ki ka pran kontak ak VIH souvan. Moun ki ka pran kontak ak VIH anpil fwa dwe pale ak doktè yo sou PrEP (pwofilaksi avan kontak).

Èske nenpòt moun ka sèvi ak PEP?

PEP ta dwe sèvi nan sitiyasyon imedyat apre yon kontak posib a VIH. PEP pa ranplase lòt mwayen prevansyon pou VIH ou dwe itilize regilyèman, tankou PrEP, itilize kapòt yon fason ki kòrèk epi regilye, oubyen sèvi ak materyèl pou pran piki ki esterilize. Si ou resevwa PEP, y ap mande ou pou tounen vin fè tès VIH nan 4 a 6 semèn, 3 mwa, ak 6 mwa apre kontak posib la. Paske PEP pa toujou efikas, kontinye sèvi ak kapòt ak patnè seksyèl yo pandan ou wap pran PEP. Pa janm pataje materyèl pou piki ak lòt moun.

Èske PEP gen lòt reyaksyon?

Pa gen danje nan PEP, men li ka bay noze ak lòt reyaksyon tankou dyare ak tèt fè mal lakay kèk moun.

Ki kote pou mwen pran PEP?

Doktè prensipal ki okipe swen lasante ou, sal dijans, oubyen klinik pou swen ijan kapab bay PEP. Pa bliye, si ou te pran yon kontak serye ak VIH, cache pran swit medikal byen vit. Si ou pa gen yon doktè prensipal, rele Mayor's Health Line nan **617-534-5050** pou ede ou jwenn swen nan Boston.